**SECONDARY EXAMINATION – 2020 (ANNUAL)** **124**

**(Model Set)**

**MAITHILI (OPT)**

**(मैथिली)**

**Candidates are required to give their answer in their own words as far as particable**

**परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।**

**Figures in the margin indicate full marks**

**दाहिनी ओर हाशिये पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।**

**समय : 03 घंटे 15 मिनट** **पूर्णांक : 100**

**Time : 03 Hrs 15 Monutes** **Full Marks : 100**

***परीक्षार्थियों के लिए निर्देश :–***

***Instructions for the Candidates :-***

1. परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।
2. दाहिनी ओर हाशिए पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।
3. उत्तर लिखते समय परीक्षार्थी यथासंभव शब्द–सीमा का ध्यान रखें।
4. प्रश्न–पत्र पढ़ने के लिए 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।
5. यह प्रश्न–पत्र दो खण्डों में है, खण्ड–अ एवं खण्ड–ब।

6. खण्ड–अ में 50 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं, सभी प्रश्न अनिवार्य हैं। प्रत्येक के लिए 1 अंक निर्धारित है। इनका उत्तर उपलब्ध कराये गये OMR–शीट में दिये गये सही वृत्त को भरने के लिए काले/नीले बॉल पेन का प्रयोग करें। किसी भी प्रकार के ह्वाइटनर/तरल पदार्थ/ब्लेड/नाखून आदि का उत्तर–पुस्तिका में प्रयोग करना मना है। ऐसा करने पर परीक्षा–परिणाम अमान्य होगा।

7. खण्ड–ब में कुल 7 (सात) विषयनिष्ठ प्रश्न हैं। प्रत्येक प्रश्न के समक्ष अंक निर्धारित हैं।

8. किसी तरह के इलेक्ट्रॉनिक–यंत्र का प्रयोग वर्जित है।

## <u>खण्ड–'अ' (वस्तुनिष्ठ प्रश्न)</u>

प्रश्न संख्या 01 सँ 60 धरिक प्रत्येक प्रश्नक संग चारि–चारि विकल्प (A, B, C, D) देल गेल अछि, जाहिमे एक सही अछि। सही विकल्प चुनि कय ओ0 एम0 आर0 शीट मे भरू। उक्तमे कोनो **पचास** प्रश्नक उत्तर दिअ। **50x1 =50**

1. भाग्यनारायण झा लिखने छथि –

(A) मिथिलांचलक रंग ओ शिल्प (B) मिथिलांचलक उत्थान

(C) वैश्वीकरण आ अर्थव्यवस्था (D) आउ हम बेटी विमर्श करी

2. नरेन्द्र झाक रचना अछि –

(A) राष्ट्रीय एकताक प्रासंगिकता (B) गाम आ शहर

(C) युगधर्म (D) मिथिलांचलक उत्थान

3. 'गाम आ शहर' शीर्षक रचना साहित्यक विधाक अन्तर्गत अबैछ –

(A) कविता (B) उपन्यास

(C) निबंध (D) रिपोर्ताज

4. 'गाम मे मिलनक बहुत अवसर रहै–ए' कहैत छथि –

(A) यात्री (B) प्रवासी

(C) विनोद (D) विहंगम

5. 'माँथ झँपने पयर उघार, पयर झँपने ......।'

एतए रिक्तस्थानमे होएत –

(A) मुह उघार (B) माथ उघार

(C) देह उघार (D) गरदनि उघार

6. क, ख, ग वर्णक उच्चारण स्थान थिक –

(A) कण्ठ (B) तालु

(C) दन्त (D) ओष्ठ

7. महा + आलय – 'महालय' सन्धि–भेदक अंतर्गत अबैछ –

(A) व्यञ्जन सन्धि (B) विसर्ग सन्धि

(C) स्वर सन्धि (D) उक्तमे कोनो नहि

8. निम्नलिखितमे स्वर वर्ण अछि –

(A) अ, आ, इ (B) ए, ऐ, ओ

(C) ई, ऊ, औ (D) उक्त तीनू

9. कालक भेद होइछ –

(A) दू (B) तीन

(C) चारि (D) पाँच

10. संख्यावाचक विशेषणक उदाहरण अछि –

(A) चारि गुणा (B) लाल कपड़ा

(C) एहन घर (D) कारी गाय

11. ओ हमरा किछ कहलनिमे 'ओ' उदाहरण अछि –

(A) उत्तम पुरुष सर्वनामक (B) मध्यम पुरुष सर्वनामक

(C) अन्य पुरुष सर्वनामक (D) निश्चय वाचक सर्वनामक

12. 'छात्र पढ़ि रहल छथि' मे 'छात्र' भेल –

(A) कर्त्ता कारक (B) कर्म कारक

(C) करण कारक (D) संबंध कारक

13. 'सूर्यमुखी' थिक –

(A) कथा संग्रह (B) कविता संग्रह

(C) निबंध संग्रह (D) खण्ड काव्य

14. साहित्य अकादेमी पुरस्कार भेटल छनि –

(A) 'यात्री' कैँ (B) विभूति आनंदकैँ

(C) मार्कण्डेय प्रवासीकैँ (D) उक्त तीनूकैँ

15. आरसी बाबूक 'पूजाक फूल' थिक –

एतए रिक्त स्थानमे होएत –

(A) कविता संग्रह (B) निबंध संग्रह

(C) कथा संग्रह (D) संस्मरण

16. 'फूलक नोर खसल .............. ।'

एतए रिक्तस्थानमे होएत –

(A) फूल पर (B) पात पर

(C) गात पर (D) भुइयाँ पर

17. 'हम भेटब' लिखने छथि –

(A) विभूति आनंद (B) बिलट पासवान 'विहंगम'

(C) मार्कण्डेय प्रवासी (D) उदय चन्द्र झा 'विनोद'

18. हरिमोहन झाक रचना अछि –

(A) खट्टर ककाक तरंग (B) ग्राम सेविका

(C) कन्यादान (D) उक्त तीनू

19. 'बलचनमा' अछि –

(A) कथा संग्रह (B) उपन्यास

(C) खण्डकाव्य (D) महाकाव्य

20. विभूति आनंदकेँ साहित्य अकादेमी पुरस्कार देल गेल रहनि –

(A) कविता संग्रह पर (B) कथा संग्रह पर

(C) उपन्यास पर (D) निबंध संग्रह पर

21. 'खट्टरकका' पात्र छथि –

(A) हरिमोहन झाक (B) मेनका मल्लिक

(C) यात्रीक (D) मार्कण्डेय प्रवासीक

22. 'पंचानन' उदाहरण थिक –

(A) द्विगु समासक (B) द्वन्द्व समासक

(C) तत्पुरुष समासक (D) कर्मधारय समासक

23. 'गोनू झाक बिलाड़ि' केर अर्थ होइछ–

(A) ठेस लगलासँ बुद्धि बढ़ैछ

(B) गोनूझा आ बिलाइमे दोस्ती छल

(C) दुनूमे खटपट छल

(D) एक दोसराक विरोधी

24. 'घर' शब्दक विशेषण होइछ –

(A) घरैया (B) घरेल

(C) घरही (D) उक्त तीनू

25. 'बलचनमा' पात्र छनि –

(A) यात्रीक (B) मार्कण्डेय प्रवासीक

(C) विभूति आनंदक (D) नरेन्द्र झाक

26. 'पीताम्बर' शब्द समास–भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) बहुब्रीहि (B) कर्मधारय

(C) द्विगु (D) द्वन्द्व

27. गरीब–गुरबाक ध्यान शिक्षाक तरफ आकर्षित करबाक योजना अछि –

(A) पोशाक योजना (B) साइकिल योजना

(C) मध्याह्न भोजन योजना (D) उक्त तीनू योजना

28. आधुनिक ढंगक कागज–मीलक स्थापना कयल गेल –

(A) 1950 ई0 मे (B) 1952 ई0 मे

(C) 1955 ई0 मे (D) 1972 ई0 मे

29. मैथिली चित्रकला (मैथिली पेंटिंग) नामक पोथी लिखलनि –

(A) कुलकर्णी (B) उपेन्द्र ठाकुर

(C) डब्ल्यू जी0 आर्चर (D) पुपुल जयकर

30. उपेन्द्र ठाकुर 1982 ई0 मे लिखने रहथि –

(A) मैथिली पेंटिंग

(B) मधुबनी पेंटिंग

(C) मिथिलाक शिल्पकला

(D) मिथिलाक शिल्पकला सो चित्रकला

31. डब्ल्यू0 जी0 आर्चरक पोथीक नाम थिक –

(A) मधुबनी पेंटिंग (B) मैथिली पेंटिंग

(C) मिथिला पेंटिंग (D) तिरहुत पेंटिंग

32. कलाक अभिबर्द्धनक संदर्भमे सबसँ पहिने आ सबसँ बेसी जाहि राजनेताक उल्लेख कयल जायत, ओ छथि–

(A) डॉ0 जयकान्त मिश्र (B) डॉ0 जगन्नाथ मिश्र

(C) ललित नारायण मिश्र (D) डॉ0 नागेन्द्र झा

33. तत्सम शब्द अछि –

(A) गरीब (B) मोकदमा

(C) गदहा (D) पिता

34. 'विवाहसँ विधि भारी' केर अर्थ होइछ–

(A) विवाहमे भारी वस्तु विधि होइछ

(B) विवाह आ विधि दू होइछ

(C) असल तत्त्वक उपेक्षा आ बाह्ययाडम्बरक महत्त्व

(D) विधि भारी होइछ आ विवाह हल्लुक

35. ''कतऽ जा रहल छी ?'' मे 'कतऽ' उदाहरण अछि –

(A) पुरुषवाचक सर्वनामक (B) सम्बंधवाचक सर्वनाम

(C) अनिश्चयवाचक सर्वनाम (D) प्रश्नवाचक सर्वनाम

36. विद्यापतिक रचना अछि –

(A) दू भाषामे (B) तीन भाषामे

(C) चारि भाषामे (D) पाँच भाषामे

37. इतिहास जननिहार कहाइत छथि –

(A) ऐतिहासिक (B) इतिहासज्ञ

(C) इतिहासकार (D) इतिहासवाचक

38. सर्वनामक भेद होइछ –

(A) दू (B) तीन

(C) चारि (D) छओ

39. 'क' केर' चिह्न अछि –

(A) सम्प्रदान कारकक (B) सम्बोधन कारकक

(C) सम्बंध कारकक (D) कर्त्ताकारकक

40. साहित्य, संगीत आ कलासँ जे रहित हो, तकरा कहल गेल अछि –

(A) दानव (B) दनुज

(C) मानव (D) पशु

41. ............. शाम के गहवर रहै –ए –

एतए रिक्तस्थानमे होएत –

(A) गमगमाइत (B) गनगनाइत

(C) महमहाइत (D) सनसनाइत

42. 'यात्री' उपनाम छनि –

(A) मार्कण्डेयकँ (B) उदय चन्द्र झाकँ

(C) बैद्यनाथ मिश्रकँ (D) बिलट पासवानकँ

43. 'मनोरथ' पोथी छनि –

(A) नरेन्द्र झाक (B) भाग्यनारायण झाक

(C) बासुकीनाथ झाक (D) देवकान्त झाक

44. 'नलिन विलोचन शर्मा' पुरस्कारसँ सम्मानित रहथि –

(A) देवकान्त झा (B) नवीन चन्द्र मिश्र

(C) विभूति आनंद (D) मेनका मल्लिक

45. 'सरस्वती' विद्याक देवी थिकीह, एहि ठाम 'सरस्वती' अछि –

(A) जातिवाचक संज्ञा (B) व्यक्तिवाचक संज्ञा

(C) समूहवाचक संज्ञा (D) भाववाचक संज्ञा

46. मिथिलाके पिकासो थिकीह –

(A) जगदम्बा देवी (B) गंगा देवी

(C) महासुन्दरी देवी (D) उक्त तीनू

47. न्याय दर्शनक प्रणेता छलाह –

(A) गौतम (B) जैमिनी

(C) कपिल (D) कणाद

48. 'यात्री' जीकेँ साहित्य अकादेमी पुरस्कार भेटल रहनि –

(A) कथा संग्रह पर (B) कविता संग्रह पर

(C) उपन्यास पर (D) रिपोर्ताज पर

49. 'श्री गणेश करब' केर अर्थ होइछ–

(A) गणेशक नाम लेब (B) कार्य आरम्भ करब

(C) गणेशकेँ सोर करब (D) गणेशक पूजा करब

50. 'गाममे मिलनक बहुत अवसर रहै–ए' पंक्ति अछि –

(A) सनातन मानव शीर्षकक (B) युगधर्म शीर्षकक

(C) गाम आ शहर (D) फूलक नोर खसल

51. 'तेलंगाना' पृथक भेल –

(A) आन्ध्र प्रदेशसँ (B) महाराष्ट्रसँ

(C) गुजरातसँ (D) उक्तमे कोनोसँ नहि

52. राजा वैह जे प्रजाक रक्षा करथि, कहने छथि –

(A) चण्डेश्वर ठाकुर (B) वाचस्पति मिश्र

(C) ज्योतिरीश्वर (D) विद्यापति

53. न्यूड होयबा लेल शहर करै–ए–

(A) धड़फड़ (B) तरफड़

(C) लड़बड़ (D) तड़तड़

54. हमरा देशक इतिहास अछि –

(A) आधुनिक (B) मध्यकालीन

(C) अनादि (D) प्राचीन

55. तिलकोर जकाँ चतरल .......... टाट पर।

एतए रिक्त स्थानमे होएत –

(A) बाँसक (B) फट्ठीक

(C) चाहार दिवाल रूपी (D) साहित्यक

56. 'पृथ्वीपुत्र' क सह नायिका छथि –

(A) तितिर दाइ (B) बिजली

(C) बुच्ची दाइ (D) ग्रामसेविका

57. मैथिलीक समस्त मध्यकालकेँ कहल गेल अछि –

(A) उपन्यासक युग (B) कथाक युग

(C) महाकाव्यक युग (D) नाटकक युग

58. 'छओ–पाँच करब' के अर्थ होइछ –

(A) छौक प्रमुखता देब (B) पाँचक प्रमुखता देव

(C) एग्यारहक प्रमुखता देब (D) द्वन्द्वमे पड़ब

59. गण + ईश – गणेश सन्धि भेदक अन्तर्गत अबैछ–

(A) दीर्घ सन्धि (B) गुण सन्धि

(C) वृद्धिसन्धि (D) यण सन्धि

60. 'रागतरंगिणी' थिकनि –

(A) ज्योतिरीश्वरक (B) लोचनक

(C) जयदेवक (D) विद्यापतिक

## खण्ड – ब (विषयनिष्ठ प्रश्न)

1. निम्नलिखितमे कोनो **एक** विषय पर निबंध लिखू : **10x1=10**

(लगभग 250–300 शब्द में)

(क) पुस्तकालय (ख) मिथिलाक महान पुरुष

(ग) सह–शिक्षा (घ) अनुशासनक महत्त्व

(ङ.) चौठचन्द्र पाबनि

2. कोनो **एक** प्रश्नक उत्तर दिअ : **7x1=7**

(क) आगामी परीक्षाक तैआरीक चर्चा करैत अपन ज्येष्ठ भाइकँ पत्र लिखू।

(ख) नामांकन लेल मदति वास्ते प्राचार्यसँ आवेदन करू।

3. निम्नलिखितमे कोनो **दूगोट** उद्धरणकँ शीर्षक दैत संक्षेपण करू : **4x2=8**

(क) महात्मा गाँधी केवल राष्ट्रीय नेता नहि छलाह प्रत्युत आध्यात्मिक पथ प्रदर्शक सेहो छलाह। हिनक सत्य–अहिंसाक अमोघ अस्त्र युद्धक दुर्गुण एवं रक्तपातसँ बचौनिहार अछि आ अछि महान् शक्तिकँ झुकौनिहारा। हिनक लेखनी आ वाणीमे अलौकिक शक्ति छल, जकर फलस्वरूप संपर्कमे अयनिहार व्यक्ति अवश्य झुकि

जाइत छलाह। सत्य–अहिंसा, देशभक्ति, परोपकार आदिक मुख्य भावसँ विभूषित महापुरुष छलाह ई। शान्ति स्थापना आ लोक कल्याणक हेतु त्यागी आ तपस्वी महात्माजी भारतमाताक पयरक बेड़ी कँ तोड़निहार आ स्वतंत्रताक स्वागत कयनिहार छलाह।

(ख) वसंतक आगमनसँ प्रकृतिमे सुन्दरता स्वतः आबि जाइछ। वसंतसँ पूर्व शिशिर सभकँ शिथिल कयने रहैछ। धनी–गरीब, नेना–भुटका सभ शिथिल भेल रहैछ। मुदा वसंतक आगमन होइते सभमे फरहरी आबि जाइछ, एतेक धरि कि चिड़ै–चुनमुनीमे सेहो एकर प्रभाव देखबामे अबैत अछि। ओहो चहकऽ लगैत अछि। डारि–पात पर कूदऽ फानऽ लगैत अछि। चिड़ै–चुनमुनीक कलरव आम जनकँ कर्णप्रिय लागऽ लगैछ।

(ग) सर्वोदयक भावना श्रमदानसँ जुड़ल अछि। एहि सिद्धान्तक अनुसार कोनहुँ प्यासल व्यक्तिकँ जल दय जीवन बचैबामे सहानुभूति आ त्यागक भावना प्रबल रहैछ। योगयतानुकूल उपयुक्त व्यक्तिकँ कोनहु प्रकारक सहायता संभव देखि पड़ैछ। फलतः सरकारहीन सहयोगी समाजक निर्माण होइछ जे पारस्परिक सहयोग आ सहायताक बलेँ जीवनक विविध आवश्यकताक पूर्ति मे सफल होइछ। पूँजीक हेतु सम्पत्ति नहि प्रत्युत श्रम काज करैछ। इएह कारण छलजे संत बिनोबा श्रमदानक आरम्भ कयल। एहि यज्ञक तिथि रहल बापूक जयन्तीक दिन।

(घ) अकालक असरि बड़ विचित्र होइछ। मुख्यतः निर्धन व्यक्ति मारल जाइछ परंच धनी सेहो सुखी नहि रहि पबैछ। चिन्तित, भयभीत आ व्याकुल व्यक्तिक दशाक अवलोकनसँ ओहो त्राहि–त्राहि करैत छथि। खेत–पथार कात जाओ अपन प्राण, संतानकँ बेचि लेबापर दीन परिवार उद्यत भऽ जाइछ। अन्नक अभावमे लोक

माटि–झिटुका, गाछक छाल आ पातपर जान दैछ। एहि अकालक दृश्य कोन व्यक्तिक ह्रदयमे दया नहि उत्पन्न करैछ?

4. निम्नमे कोनो **एक** टाक आशय लिखू : **5x1=5**

(क) शहर–शहरमे फुजल–सिनेमा क्यो नहि सुनय पुरान

ककरो नहि चिंता छइ जे खौंझा जैता भगवान।

(ख) 'स्वान्तः सुखाय' अथवा 'कला कलाक लेल' तँ कलाकारक परम सुखधाम थिके, मुदा मिथिलाक शिल्पकलामे जीवनक यथार्थ प्रति बिम्बन, आनन्द विनोदक अतिरिक्त सेवा–समर्पण एवं आर्थिक उपयोगिताक सृजन भाव सेहो निहित अछि।

5. निम्न लघूत्तरीय प्रश्नमे कोनो **पाँच** प्रश्नक उत्तर दिअ **2x5=10**

(क) 'बदलि रहल अछि छन–छन दुनियाँ' केर अर्थ लिखू।

(ख) आइ भूमण्डलीकरणसँ कोन भाषा उपेक्षित भऽ रहल अछि।

(ग) हरिमोहन बाबू बुच्ची दाइक उल्लेख किएक कयने छथि ?

(घ) एहि समाजमे स्त्रीक कोन–कोन रूप विद्यमान अछि?

(ङ.) 'महेसबानी' आ 'नचारी' मे एक–एक अन्तर लिखू।

(च) मिथिलाक कोनो **चारि** प्राचीन विद्वानक नाम लिखू।

(छ) भारतीय कृषिमे कोना सुधार भऽ, सकैछ कोनो **दूटा** सुधारक नाम लिखू।

(ज) बेटीक सोचकेँ के प्रभावित कयलक ?

(झ) विवाह संस्था ढहि रहल अछि, कोना ?

(ञ) भाषा विवाद भारतक रीढ़ तोड़ि रहल अछि, कोना ?

6. निम्नलिखितमे कोनो **दू** दीर्घोत्तरीय प्रश्नक उत्तर दिअ : 5x2=10

(क) पहिलुक बेटीक अपेक्षे आजुक बेटी कोना आगू बढ़ि रहल अछि? लिखू।

(ख) 'माँ' शीर्षक कविताक भाव स्पष्ट करू।

(ग) यातायातक सुविधासँ आर्थिक सम्पन्नतामे वृद्धि होयत, कोना ?

(घ) 'युग–धर्म' कवितामे परिवर्तनक स्वर बुझना जाइछ, लिखू।